Шынагъуэншагъэм и еджапІэ

2-нэ нап.

Джэрмэншык и мэжджытыщІэр

3-нэ нап.

Къаншыуейм и топджэгуэхэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№76 (24.670) ● 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

2024

Фокіадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

Терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэпхъаджагъэ къыщымыгъэхъун Іуэхукіэ Терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэм и зимычэзу зэІуищІэ иригъэкІуэкІащ.

Зэхуэсым хэтащ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэмрэ дзэм и лэжьакІуэхэмрэ. Оперативнэ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр зрагъэуІуащ.

Республикэм иджыпстукІэ щытыкІэр щызэпІэзэрытщ. Цыхубэр шынагъуэ псоми щыхъума хъун папщІэ, ягъэззащІапхъэ псори и чэзум зэфІагъэкІ.

Гупытэ хэха хуащІу кІэпоплъ цыху зэхуэсыпІэхэм, транспорт зэблэкІыпІэхэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм епха Іуэхущ Іапіэхэм, кІинэмыщІхэм.

Республикэм и Іэтащхьэм цыхубэр хуиГъэсэкъащ интернетымрэ хъыбарыбз зэпыщ Іапіэхэмрэ къагъэщхьэпэу, хъыбар нэпцІкэр зэбгрыкъуТІыпщыкІхэм я дзыхь ирагъэзэныным. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхубэм сольэІу зыр адрейм щІыпэщІэувэжьын щхьэусыгъуэ къэзыгъэхьеину хуейкэм зыкърамигъэгъэпцІэну. Унафэ зыІэщІэлъхэм жаІэм фІэкІа, зыми дзыхь хуэмышІ», - щитхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм каналым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

Ди щІыналъэри якъуэтщ

Мэкъуауэгъуэм и 23-м киев режимым аргуэру террорист щІэпхъаджагъэ илэжьащ, ар къахуащ Севастополь и цІыхухэмрэ ухуэныгъэхэмрэ.

КъАГЪЭПЪЭТА ракетэм и зэран екІащ цІыхуи 120-м, хэкІуэдахэм сабии яхэтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкІыу хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ Севастополь и цІыхухэмрэ зэрахуэгузавэр а махуэм и телеграм-каналым кІрилъхьащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек икІи итхащ ди республикэр Севастополь зэрыдэщыгъуэр, икІи уІэгъэ хъуахэм я узыншагъэр щІэх зэфІэувэжьыну ар екъуэхъуащ.

Дагъыстэным щыпсэухэм яхуощыгъуэ

«Дагъыстэным и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм и лэжьакІуэхэмрэ члисхэмрэ щІэпхъаджащІэхэр щатеуам зыри зимылажьэ цІыхухэмрэ полицейскэхэмрэ хэкІуэдащ, языныкъуэхэр уІэгъэ хъуащ. Терактым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ, - щетх КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

ХЭКІУЭДАХЭМ я унагъуэхэм, благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, къуэш республикэм ис псоми сахуогузавэ.

Терроризмэм аргуэру зэ къигъэлъэгъуащ цІыхугъэншагъэмрэ Кавказ Ищхьэрэм щытыкІэр щызэІагъэхьэну зэрамурадымрэ, апхуэдэуи лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэхэр къызэпаудыну зэрыхуейр. Урысейм и бийхэм яхуэзфІэкІынукъым ар, тКІийуэ дапэщІэувэжьынущ. Апхуэдэу щыташ, иджыри щытынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пшІэ зыхуэсщІхэ!

Ди республикэм щытыкІэр щызэпІэзэрытщ, псори ди нэІэ щІэтщ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр набдзэгубдзаплъэу я къулыкъым пэрытщ, шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ.

Ныбжьэгъухэ!

Дяпэкіэ интернетыр къагъэсбэпу социальнэ сетхэмкІэ, мессенджерхэмкІэ хъыбарыпцІ куэд кърахьэкІынущ, цІыхухэр ягъэщхьэрыуэн, зэпэщІэувэныгъэхэр къагъэхьеин папщІэ.

СыныволъэІу ахэр фи фІэщ фыщІыну, хъыбар пэж къэзытхэм нэхъ факІэлъыплъыну».

Фэеплъ зэхуэс

Дыгъуасэ Налшык къалэм щекІуэкІа щыгъуэ Іуэхухэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Севастополрэ Дагъыстэнымрэ къыщыхъуа террорист щІэпхъаджагъэхэм хэкІуэдахэм теухуа фэеплъ зэхуэс къызэрагъэпэщат ди республикэм и щІалэгъуалэм. «АбыкІэ ди щІэблэм къагъэлъэгъуащ я хьэкъыр, урысей жылагъуэм дин, лъэпкъ зэпэщІэтынныгъэр къыщызыгъэхьеину хуейкэм арэзы зэрадэмыкъур.

Фэеплъ щыпІэм къэкІуэлІэ республикэм щыпсэухэр, хьэщІэхэр, унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, цІыху къызэрыгуэкІхэр.

Къэбэрдей-Балкъэрыр ядощыгъуэ и къуэш щІыналъэхэм. Ахърэт нэху Тхьэм къарит хэкІуэдахэм», - щетх КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.



Терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэпхъаджагъэ къыщымыгъэхъун Іуэхукіэ Терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэм и зимычэзу зэІуищІэ иригъэкІуэкІащ.

Зэхуэсым хэтащ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэмрэ дзэм и лэжьакІуэхэмрэ. Оперативнэ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр зрагъэуІуащ.

Республикэм иджыпстукІэ щытыкІэр щызэпІэзэрытщ. Цыхубэр шынагъуэ псоми щыхъума хъун папщІэ, ягъэззащІапхъэ псори и чэзум зэфІагъэкІ.

Гупытэ хэха хуащІу кІэпоплъ цыху зэхуэсыпІэхэм, транспорт зэблэкІыпІэхэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм епха Іуэхущ Іапіэхэм, кІинэмыщІхэм.

Республикэм и Іэтащхьэм цыхубэр хуиГъэсэкъащ интернетымрэ хъыбарыбз зэпыщ Іапіэхэмрэ къагъэщхьэпэу, хъыбар нэпцІкэр зэбгрыкъуТІыпщыкІхэм я дзыхь ирагъэзэныным. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэм сольэІу зыр адрейм щІыпэщІэувэжьын щхьэусыгъуэ къэзыгъэхьеину хуейкэм зыкърамигъэгъэпцІэну. Унафэ зыІэщІэлъхэм жаІэм фІэкІа, зыми дзыхь хуэмышІ», - щитхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм каналым.

ЛІыхъужьхэм я щІэблэр къикІуэтынукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъуауэгъуэм и 22-м щызэхэтащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэда лЫхъужьхэм я щЫхькІэ гъэ къэс ирагъэкІуэкІ «Фэеплъ шэху уэздыгъэ» дауэдапщэхэр.

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм зэрыщидзэрэ илъэс 83-рэ щрикъу махуэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт фэеплъхэм ябгъэдэту, цІыхубэр абы хэкІуэда лЫхъужьхэм яхуэщыгъащ пщэдджыжьым сыхьэти 4-м. Дауэдапщэхэм хэтащ КъБР-м и щІалэгъуалэр, ветеран зэгухьэныгъэхэр, къулыкъущІэхэр, дзэм хэтхэр, цІыху щхьэхуэхэр. «ЩІыхьым и мыужьых мафІэм» и фэеплъым деж къыщызэхуэса дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэм я гъусэу зэІущІэм хэтащ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым щыщхэр.

А махуэ дыдэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Хэку зауэшхуэм щыщидза махуэм ирихьэлІэу республикэм и цІыхубэм захуигъэзащ:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэууэ пщІэ зыхуэсщІхэ!

Ди къэралым и тхыдэм мэкъуауэгъуэм и 22-р игъащІэкІи щыгъуэ махуэу хэтынущ. А махуэм Хэку зауэшхуэм щидзауэ щытащ.

Хэщ Іныгъэшхуэ я гъуэту, гугъуехьышхуэ яшэчу, къаруу яІэр зэщІагъэуІуэри, ди япэ итахэм Хэкур яхъумэфащ, дунейпсо цІыхубэм я бий бзаджэ нацизмэм текІуащ. ТекІуэныгъэм и уасэу ди къэралым цІыхупсэ мелуан 27-рэ щІитащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыху мин 40-м нэс яхэтащ зауэ губгъуэм ьынахэм. Ди щхьэр яхудогъэщхъ зауэ гущІэгъуншэм ихьахэм. Ахэращ ди къэкІуэну махуэр тыгъэ къыпхуэзыщІар. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и къалэнщ ТекІуэныгъэм щІата уасэр зыхуэдизыр зыщыдмыгъэгъупщэну. Зауэм и тхыдэм теухуа пэкри тхъумэнущ, абы цІыхубэм яхилъхьа къарум зы мэскъалкІи хэдгъэщІ хъунукъым.

Нобэ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я къуэрылъхупхъурылъху бынхэр дзэ Іуэху хэхам и Іэнатіэм Іуту, Урысейм къыщхьэщыт шынагъуэм, нацизмэм пэщІэтщ, ди къэралыр зытет псэукІэ хабзэм къытенэжьын, цІыхугъэр щытепщэ и гъащІэр яхьумэн папщІэ. Шэч къытесхьэркъым илъэс 79-рэ ипэкІэ зэрыхъуам хуэдэ дыдэу, иджыри бийр хагъащІэу ди ТекІуэныгъэр къызэрысынум.

Хэкур щхьэхуиту къэнэн папщІэ зи гъащІэр зытаХэм я цІэкэр эзи тщыгъупщэнукъым!»

Ди къуэш республикэхэм

Матвиенкэ и гуапэ мэхъу

АДЫГЕЙ. **Москва щызэІущІащ Урысейм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэрэ АР-м и Іэтащхьэ Къумпіыл Муратрэ. Абыхэм къалэтащ Адыгэ Республикэм и махуэхэу 2022 гъэм Федерацэмкіэ Советым щрагъэкІуэкІам кІрикІуахэм ялкъ иткІэ ипщэ палатэм къыщтауэ щыта унафэр гъэзэщІа зэрыхъум ехьэлІа Іуэхухэр. Къумпіыл Мурат къыхигъэщхьэхукІащ щІыналъэм зэІуэпэщу зэрызиужьыр, абы и щапхъэуи кІихьащ «Энем» промпарк инымрэ «Лъагъэзнакъэ» бгылыжэ курорт дахэмрэ къызэрызэрагъэпэщар, нэгъуэщІ хуэныгъэшхуэ зыбжани зэрыщрагъэкІуэкІыр.**

Матвиенкэ Валентинэ жиІащ Адыгейм унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщихь ехьулІэныгъэхэр и гуапэ зэрыхъур икІи лъагапІэщІэхэм зрапщытыну къыхуриджащ.

ЗэІущІэм хэтащ Адыгейм и цІэкІэ сенаторхэу Наролин Александрэ Хъупсырокъуэ Муратрэ.

Іэтауэ ягъэлъэпІэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Дызыхуэкіуэ 2025 гъэм республикэм къыпэщытщ зэуэ гуфІэгъуэшхуитІ игъэлъэпІэну – Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80, Черкесск къалэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 200 зэрырикъур. КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Къэрэшей-Шэрджэсым и Цыхубэ Зэхуэсым зыщыкуигъазэм абыхэм хуэфащэу зыхуагъэхьэзырыну къыхуриджащ.**

Черкесск къалэр илъэс 200 зэрырикъур ягъэлъэпІэнущ Урысейм и Президентым къыдигъэкІа Указым тету. ЩІыналъэм и унафэщІым жиІащ абы зыхуэгъэхьэзырыным теухуа Іуэхухэр зэфІэзэхыну республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым лэжьэн зэрыщІидзар.

Дауи и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу нэхъ лъагэжщ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур. Абы и гугъу щищІым Темрезов Рашид къалэхэмрэ районхэмрэ гу лъаригъэтащ Хэку зауэшхуэм хэтахэу иджыри республикэм щыпсэухэм я нэІэ зэрытрагъэтыпхъэм. «Абыхэм я псэупІэхэр екІуу хуэзрахьэн хуейщ, щыгуфІыкІын хуэдэу», - жиІащ КъШР-м и Іэтащхьэм.

Очамчыр щагъэувынущ

АБХЪАЗ. **Премьер-министр Анкваб Александр щэнхабзэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Смыр Дианэрэ скульптор Габлиа Русланрэ епсолъащ Совет Союзым и ЛЫхъужь Габлиа Варлам и фэеплъым и проектыр зэрагъэхьэзырыну теухуауэ.**

Правительствэм и Іэтащхьэм гу лъаригъэтащ лэжьыгъэ псори мы гъэм и кІэухым зэфІагъэкІын зэрыхуейм. Абы ипкъ иткІэ Габлиа Варлам и фэеплъыр Очамчыр къалэм щагъэувынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ДэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну хьэзырщ

КІуэкІуэ Казбек хуэзащ ди лъахэгъу, Урысейм и Лъэпкъ гвардием Луганск ЦІыхубэ Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІ генерал-майор Мамаев Бузжигит.

АХЭР тепсэлъыхьащ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм, нэхъыщхьэу и гугъу яІащ дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэхэм щыІэ ди щІалэхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъунымкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм.

«Нобэ щыІэ щытыкІэр къэплъытэмэ, щыналъэщІэм хабзэр хьумэнымкІэ, щыналъэныгъэр къыщызэгъэпэщыныкІэ щыІэ Іэнатіэм къулыкъу щепхьэкІын папщІэ лЫыгъэшхуэ, Іэзагъэ, зэфІэкІ къызэрымыкІуэ пхэлъу, къищынэмыщІауэ, цІыху мамырхэр пхъумэн папщІэ сыт хуэдэ дакъикъэми дзэ къалэнхэм уэзрыпэрыхьэфын хэлъэт уиІэу щытын хуейц», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм икІи Мамаев Бузжигит жэуапльныгъэ зыпылъ и къулыкъум ехъулІэныгъэ щиІэну ехъуэхъуащ.

Урысейпсо къэзакъ зэгухьэныгъэм и атаман Кузнецов Виталийрэ Тэрч къэзакъыдзэ зэгухьэныгъэм и атаман Савченкэ Владимиррэ КъБР-м и Іэтащхьэр яхуэзащ.

КУЗНЕЦОВ Виталий УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ щІынальэм щыІэ Чайкэ Юрий и дэІэпыкъуэгъущ, зауэм и ветерани. Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкІэ Урысейпсо къэзакъ зэгухьэныгъэм и атаману хахащ 2023 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм.

Савченкэ Владимир нэгъабэ и жэпуэгъуэ мазэ лъандэрэ езым я фІэфІныгъэкІэ зэхьихьа «Тэрч» гупым яхэту дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэм щыІащ, «Тэрч» батальоным и командирым и къалэнхэр игъэзащІэу. Дыгъэгъазэ мазэм Тэрч къэзакъыдзэ зэгухьэныгъэм и атаманым и къуэдзэу игъэуващ, иужькІэ абы и унафэщІу хахащ.

«Тэрчыр» лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэм къыхэкІахэр зыхэт батальонщ, абы къулыкъу щащІэ ди лъахэгъуэхэми – Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу езым я фІэфІныгъэкІэ дзэ Іуэху хэхам КІуахэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІалэгъуалэм я дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм, дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэхэм, апхуэдэуи «Тэрч» батальоным хэтхэри къызэщІрагъэгъуэбыдэу, къулыкъу щызыщІэ щІалэхэр зэрыдаІыгъыным теухуа Іуэхухэм.

Атаманхэм яІуощІэ

Я гуащІэм пщІэ егъуэт

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ «ВоенТекстильПром» Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Атэлыкъ Асльэн.

МЫ ІУЭХУЩІАПІЭМ и къудамэхэр щыІэщ Налшык, Бахъсэн, Къэщкъэтау икІи щолажьэ щІыху миным нэс. Абы щад къэралыр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр, псом хуэмыдзэу дзэлІхэм я щыгъынхэр.

«ВоенТекстильПром» Іуэхущ Іапіэм лэжьакІуэхэм къахуэзригъэпэщ тыншыпІэхэмрэ улахуэмрэ нэмыщІ, соцпакети яІэщ. Абы къеГъэлъагъуэ и лэжьакІуэхэм я гуащІэм пщІэ зэрыхуищІыр.

А псом къищынэмыщІауэ, Іуэхущ Іапіэр ядоІэпыкъу республикэм и кадет школхэм, Балтийскэ флотым щыІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къхъуьым исхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Іуэхущ Іапіэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжьир дзэ Іуэху хэхам хэт ди сэлэтхэм ядэІэпыкъунырщ.

КІуэкІуэм фІыщІэ яхуищІащ Іуэхущ Іапіэм щылажьэ псоми икІи экономикэм зэрызрагъэужьыр, жэуапльныгъэ яхэлъу лэжьыгъэм зэрыпэрытыр зэрыуасэншэр жриІащ Атэлыкъым.

ЩIэныгъэ

Шынагъуэншагъэм и еджапIэ

Гъэмахуэм цIыхур Iуэхум къыщыпэрыкI, зыщигъэпсэхун щIыпIэхэр къыщилъыхъуэ лъэхъэнэщ. Нэхъыбэм бгылъэхэмрэ псы Iуфэхэмрэ къыхах. Зыгъэпсэхуным сыт хуэдизу цIыхум и нэгу зригъэужьми, сакъын, шынагъуэншагъэмкIэ къызэрыгуэкI есэныгъэхэр иIэн зэрыхуейр псом я дежкIи гурыIуэгъуэщ. Ауэ псори цIыхум и Iэ илъкъым: езым емылъыта шынагъуэхэу и гъащIэм къыщыщхьэщыхьэ къыхокI. Мис а щхьэусыгъуэр къалъытэри, иджыблагъэ «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» зыфIаща щIалэгъуалэ пэхуэщIэр къыхалъхьащ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ и нэщэнэхэр мымащIэу зыхэлъ а жэрдэмыр хуэгъэзащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ гузэвэгъуэ хэхуа е фэбжь зытехуа цIыхум япэ дэIэпыкъуныгъэр зэрырат щIыкIэхэм хуегъэсэным, бгылъэрызекIуэ фащэм хащIыкIыу, щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм къызэрыхэкIыжыфын Iэмалхэр къагъуэтыфу щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и IуэхущIапIэм и пщIантIэшхуэм япэ дерсхэр зэрыщекIуэкIрэ куэд щIакъым. Абдеж ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэзат къупщхьэр къутамэ щIапхъэхэм, гумрэ тхьэмбылымрэ епха щытыкIэхэм зэрыбгъэдыхьапхъэм, лъыр куэду зыфIэкIуэдам зэрыдэIэпыкъупхъэм япыщIа теориемрэ Iэмалхэмрэ. Абы къищынэмыщIауэ, а махуэм щIалэгъуалэм ирагъэлъэгъуащ мафIэс къэхъумэ, ар зэрагъэункIыфI IэмэпсымэхэР къызэрагъэсэбэпым, мафIэ зыщIэна щIыпIэм узэрыбгъэдыхьэну щIыкIэм.

Налшык къалэм щIыпIэ зэгъуэкIхэм щыкIуэдахэр къэзыгъуэтыж икIи къезыгъэл и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIхэм щыхагъахъуэ щIыпIэми дерс хьэлэмэтхэр щызэхашащ. Апхуэдэу къегъэлакIуэ ныбжьыщIэхэм лъэпощхьэпо къахуэхъункIэ хъуну псыежэхым зэрызэпрыкIыфыну Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм зыщыхуагъэсащ. Абы щхьэкIэ Налшык псыежэхым и чэнжыпIэм деж Iуэхугъуэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIащ: бром псынщIэкIэ псы уэрыр зэпаупщIащ, кIапсэ зэпрыдзамкIэ псым щхьэпрыкIащ, есыкIэ псынщIэкIэ псым икIащ. Псыежэхым и ныджитIым я гъунапкъэ лъэпощхьэпор пIалъэ гъэнэхуам къитIасэу къызэранэкIын хуейт щIалэгъуалэм. Армырамэ, къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм хэтыну хуитыныгъэ яIэнутэкъым.

ЖэрдэмщIакIуэхэм зэраубзыхуамкIэ, псыежэх лъэпощхьэпом пэлъэщар псыIыгъыпIэ е псыIущIа хуэдэхэм хэкIуэдэнкIэ шынагъуэ зиIэ цIыхур къызэрырагъэл Iэмалхэм итIанэ хуагъэсэнущ. Псыежэхым къыщхьэщыкIыу, псылъанэ куухэм цIыхур нэхъ псынщIэу щIелъафэ, кIуэдыпIэ хъуа щIыпIэр ныджэм пэжыжьэмэ, цIыхум и къегъэлыныр куэдкIэ нэхъ гугъу икIи кIыхь ещI. Апхуэдэ щытыкIэ хьэлъэм къызэрикIыным епха есэныгъэхэри щIалэгъуалэм зэрыбгъэдалъхьэнум жэрдэмщIакIуэхэр иужь итынущ. Егъэджэныгъэ пэхуэщIэр къызэщIэзыкъуэж Iуэхугъуэхэр щекIуэкIынущ Налшык къалэм и щIыпIэ нэхъ лъагэ дыдэм - Нартей Iуащхьэм и щыгум. ЕджапIэр лэжьэхункIэ щIалэгъуалэм ирата щIэныгъэр абдеж щагъэлъэгъуэжынущ.

Къэпщытэныгъэхэм пхыкIа ныбжьыщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и IуэхущIапIэм къыбгъэдэкIыу цIыхум япэ дэIэпыкъуныгъэр егъэгъуэтынымкIэ курсхэр къызэрызэранэкIам, «Шынагъуэншагъэм и еджапIэр» къызэраухам щыхьэт техъуэ тхылъхэр иратыжынущ.

Iуащхьэмахуэ лъапэм, БгылъэрызекIуэхэм я «Шхельда» увыгъэм деж, бадзэуэгъуэ мазэм и 1-м щегъэжьауэ и 8 пщIондэ пэхуэщIэм и щIыналъэпсо зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIынущ. Урысей географие зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ Хасэм и интернет напэкIуэцIым иджыблагъэ кърагъэува хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, абы къэралым и щIыналъийм щыщ ныбжьыщIэхэр къыхыхьэнущ. Абыхэми бгылъэрызекIуэ фащэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмкIэ яIэ щIэныгъэр къапщытащ, щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм къызэрыхэкIыжыфын Iэмалхэр зэрызэрагъэуIум ехьэлIа гъэунэхуныгъэхэр иращIэкIащ. Къищынэмыщlауэ, щIыналъэпсо зэхьэзэхуэхэм хэтынухэм щхьэкIэ къурш джабэм зэрыкIэрыхьэн, къуэладжэ куухэм зэрыщызекIуэн хуей щIыкIэхэм ехьэлIа дерсхэр иратынущ. Абы щхьэкIэ Iуащхьэмахуэ и бгы куэщIхэр, Кхъуэпс тIуащIэр (Донгуз-Орун), Псыдахэ къуэладжэр (Адыл-су), нэгъуэщI бгылъэхэр зэпеуэр щекIуэкI щIыпIэу хахынущ.

«Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» щIалэгъуалэ пэхуэщIэм и унафэщI Мокаев Тенджыз зэрыжиIэмкIэ, ар Урысей географие зэгухьэныгъэм и «Альтаир» щIалэгъуалэ Хасэм и гъусэу къыхалъхьа жэрдэмщ, 2017 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI. Мы гъэм ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Курортхэмрэ туризм хуэIухуэщIэхэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и IуэхущIапIэм, Урысей географие зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым я нэIэ щIэту.

Зэхьэзэхуэхэм хэтахэм Iэмал яIэнущ бгылъэрызекIуэным, лъахэр къэхутэным, спорт дэIэпыкъуэгъу хъуным, шынагъуэншагъэр къэмыгъэхъуным ехьэлIауэ зыIэрагъэхьа щIэныгъэмкIэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэну, гъуазэ яхуэхъуну, хуэдэ Iуэхухэмкlэ унэтIакIуэу къэувыну.

ШУРДЫМ Динэ.

Губгъуэжыхапхъэр мэбагъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 21-м ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием «Аллергологиемрэ иммунологиемкIэ IуэхущIапIэм» щрагъэкIуэкIащ зэIущIэ. Ар теухуат губгъуэжыхапхъэм (амброзием) зэрызиубгъуам, цIыхум и узыншагъэм зэран зэрыхуэхъум, абы зэрыпэщIэт Iэмалхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ IуэхущIапIэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, РАЕН-м и академикI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Хутуевэ Светланэ**, ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, «КъаббалъкъИнтурист» ООО-м и унафэщI **КIыщокъуэ Руслан**, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, «Аллергологиемрэ иммунологиемкIэ IуэхущIапIэм» и дохутыр нэхъыщхьэ **Щоджэн Мадинэ**.

- КъызэрахутамкIэ, губгъуэжыхапхъэр цIыхум нэхъыбэу аллергие къезыт къэкIыгъэщ. Ар ди хэкум куэду зэрыщыкIырагъэнщ къызыхэкIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм а узыфэр нэхъ гуащIэу къазэрефыкIыр. ИкIи арагъэнщ къызыхэкIар аллергологиемкIэ Урысей Федерацэм и IуэхущIапIэ закъуэр ди щIыналъэм щыIэныр. Мы удзыр зэрагъэкIуэд Iэмал зэхуэмыдэхэр щыIэми, дыпэмылъэщу нэхъри зеубгъу. Ар нэсащ Санкт-Петербурги Москваи, - къыхигъэщащ Щхьэгъэпсом зэIущIэр къыщызэIуихым.

КъэкIыгъэр цIыхум зэран зэрыхуэхъумрэ абы дохутырхэр зэрыпэщIэт Iэмалхэмрэ тепсэлъыхьащ Щоджэн Мадинэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, Европэм и процент 20-р, Урысейм и процент 30-р илъэс къэс еубыд губгъуэжыхапхъэм хуаIэ аллергием.

- Мы удз лIэужьыгъуэр ди хэкум куэду щокI. Ар къарачми, паупщIми, хущхъуэкIэ ягъэкIуэдыну яужь ихьами, зы Iэмал къахуэмыгъуэту зеубгъу. Псалъэм папщIэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэтэкъыми, абы ди IуэхущIапIэм къепха санаторэ щаухуат. ЦIыхухэм гупсэхугъуэ щагъуэтырт, нэхъ къызэхьэлъэкIхэр абы дгъакIуэурэ щыIэти. Иджы а щIыпIэми нэсащи, и гъэгъэгъуэм нэмысу кърач. БлэбгъэкIмэ - жылэри ипхъынурэ, аллергиер къызэщIигъэхъеенущ. Япэм я гугъэрт аллергие къозытыр губгъуэжыхапхъэм пылъэлъыр арауэ. Иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, жылэр щыпылъэлъкIэ, лагъымым хуэдэу къоуэри, абы и купщIэм илъ сабэр зэбгрепхъ. Мис а сабэм белок хэлъырщ цIыхум емызэгъыу зыгъэсымаджэр. Ар лIэужьыгъуэ 12 мэхъу, нэхъ гуащIэ дыдэу сымаджэхэм я процент 95-м къефыкIыр Amb a 1 жыхуиIэ белокырщ, - къыхигъэщащ дохутырым.

Щоджэным зэрыжиIэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм 2021 - 2023 гъэхэм къриубыдэу цIыху 1956-рэ ирисымэджащ а аллергие лIэужьыгъуэм. Абыхэм махуэ 13456-рэ яфIэкIуэдащ, сом мелуан 26,9-рэ къахуэлэжьыну.

- Я Iуэхур хьэлъэщ Шэшэнми Дагъыстэнми. Къыхэгъэщыпхъэщ губгъуэжыхапхъэр зэи щымыкIа щIыналъэхэм зэрыIэпхъуари. Абы и жылэр апхуэдизкIэ быдэщи, спорополленин жыхуаIэу абы телъ фэм и химие форму-лэр нобэр къыздэсым къахуэхутакъым, ауэ щIэныгъэлIхэм къащIащ абы нэхъ быдэ органикэ псом зэрыхэмытыр, уеблэмэ градус 3000-м зэримысыр, химием нэхъ гуащIэ дыдэу ицIыху ткIуаткIуэхэм зэримыгъэткIур, щIым илъэс 30-кIэ зэрыщIэлъыфыр, - игъэбелджылащ Щоджэным.

Гу лъытапхъэщ аллергие зиIэхэм я процент 40-м жьы япиубыду зэрыхъур (астмэ). Абы сымаджэм и Iуэхури дохутырым и лэжьыгъэри егъэхьэлъэ. Арами, аллергологиемрэ иммунологиемкIэ КъБР-м и IуэхущIапIэм и дохутырхэмрэ КъБКъУ-м биологиемкIэ и щIэныгъэлIхэмрэ губгъуэжыхапхъэр ядж, ар зэрагъэкIуэдыфыну Iэмалхэм йолэжь, сымаджэхэм я Iуэхур нэхъ тынш зэращIыным пылъщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Хьэмрэ рапсымрэ къырахьэлIэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, гъавэ Iухыжыным ди республикэм щоужьэрэкI икIи абы пыщIа лэжьыгъэхэм хыхьэ щIыналъэхэм махуэ къэс къахэхъуэ зэпытщ.

РЕСПУБЛИКЭМ и тафэтес щIыпIэхэм бжьыхьэсэ хьэмрэ рапсымрэ жыджэру щызэщIакъуэж. КъБР-м и щIыпIэ администрацэхэм мэкъумэш-промышленнэ комплексымкIэ щыIэ управленэхэм зэхэту къызэратамкIэ, бжьыхьэсэ хьэуэ тонн мини 6,7-рэ, рапсу тонн мин 1,1-рэ нобэкIэ абыхэм къырахьэлIэжащ. Языныкъуэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэми бжьыхьэсэ гуэдзыр Iухыжыным щIадзащ. Мы гъэм гуэдзымрэ джэшымрэ зэхэту къытрахыжынущ гектар мин 210-м, ику иту илъэс къэс ящIэм ар хуокIуэ.

ХадэхэкIхэм ящыщу япэу къэхъур джэш хъурейрщ, нобэкIи мэкъумэшыщIэхэр зэгугъур аращ. ИджыпстукIэ, щIыналъэм и щIыпIэхэм къыщрахьэлIэжащ тонн мини 7,5-м нэблагъэ, икIи ахэр занщIэу консерв заводхэм ирашалIэ, адэкIэ зэрелэжьыным хуэдэу.

Дызэрыт илъэсым республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту хадэхэкIым хухахащ гектар мин 7-м щIигъу икIи ар нэгъабэ зэрыщытам хуэдиз мэхъу.

АЛЫДЖОКЪУЭ Руслан.

Бзэмрэ лъэпкъ тхыдэмрэ

Кавказ щIыналъэм ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэу лъэпкъхэм ящыщщ адыгэхэр. Абыхэм я тхыдэм, я хабзэм и лъабжьэр къызэрежьэрэ илъэс мин куэд мэхъу, зэман блэкIа куэдым я нэпкъыжьэ телъщ. Ар уи фIэщ хъун щхьэкIэ ирикъунщ адыгэбзэм и къулеягъыр, абы хэт фIэщыгъэхэм я къэхъукIэм, къэгъэщIыкIэм и гъэщIэгъуэнагъыр.

ДИ лъэпкъым и тхыдэм нобэми зэIубз мыхъуа и напэкIуэцIхэм ящыщщ абы къадэгъуэгурыкIуэ бзэм - адыгэбзэхэм я зэхэлъыкIэ жыжьэр. «Къупщхьэхэм, Iэщэм, кхъащхьэхэм нэхърэ лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам и щыхьэт нэхъ наIуэ щыIэщ, - итхыгъащ нэмыцэ щIэныгъэлI Я. Гримм, - ар абыхэм я бзэрщ». Адыгэбзэхэр зэлъапсэгъуу къалъытэ. Шэч хэмылъу а упщIэм и жэуапыр щептыфынур, а адыгэбзэм къыдэгъуэгурыкIуэ, абы и лъапсэгъу бзэхэм а Iуэхугъуэм щаубыд увыпIэм щыгъуазэ зыпщIмэщ.

Адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ зэман жыжьэм зы гуп зэрыгъэхъуу щытащ, я цIэ яIэжу, я бзэ яIурылъыжу. Лъэхъэнэ зыбжанэ дэкIа нэужькIэщ абыхэм я бзэр - зыбзэу щытар, щызэщхьэщыкIар, икIи адыгэбзэ, адыгеибзэ, абхъазыбзэ, убыхыбзэхэм яIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр къыщыхъуар, дэтхэнэ зыми езыр-езыру зыщиужьа лъэхъэнэрщ.

Кавказ щIыналъэм щопсэу зи гугъу тщIа лъэпкъхэм нэмыщI нэгъуэщI куэди, абыхэми псоми я бзэ яIурылъыжщ. Кавказоведхэм а бзэхэр лIэужьыгъуитIу ягуэшыж: КъухьэпIэ Кавказым исхэмрэ КъуэкIыпIэ Кавказым щыпсэухэмрэ яйуэ.

КъухьэпIэ кавказыбзэхэм хохьэ: адыгэбзэр, адыгеибзэр, абхъазыбзэр, абазэбзэр, убыхыбзэр. КъуэкIыпIэ къудамэм хохьэ гупищрэ - ахэр бзэ зыбжанэу угуэшыжарэ зи щхьэ хущыту бзитIрэ: даргиныбзэ, лакыбзэ, шэшэныбзэ, ингушыбзэ, лезгиныбзэ, табасораныбзэ, чамалиныбзэ, нэгъуэщI куэди.

Мы бзэхэм языныкъуэхэр апхуэдизкIэ зэгъунэгъущ, зэщхьщи, лъэпкъ зырыз щыпсалъэкIэ зым жиIэр адрейми къыгуроIуэ. Псалъэм папщIэ, зэгъунэгъущ адыгэбзэмрэ адыгеибзэмрэ, шэшэныбзэмрэ ингушыбзэмрэ, абхъазыбзэмрэ абазэбзэмрэ.

Япэ дыдэу кавказыбзэхэр къудамэкIэ гуэшыныр къыхэзыхьауэ щытар Н. Трубецкойрщ. Япэуи мы щIэныгъэлIыращ къэзыхутауэ щытар кавказыбзэхэр зэрызэкIуалIэр икIи методическэ лэжьыгъэ зыбжанэ къыдигъэкIауэ щытащ, зэгъэпщэныгъэ-тхыдэ мардэм тету. Н. Трубецкойм и лъэужьым тету кIуахэм ящыщщ француз кавказовед Ж. Дюмезиль, Р. Лафон, Германием щыщ щIэныгъэлIхэу Боуда К., Дитерс Г. сымэ нэгъуэщIхэри.

Кавказыбзэхэм я тхыдэр хьэлэмэтщ. ИжькIэ узэIэбэкIыжмэ, къыпхуэхутэжыркъым а бзэхэм я къежьапIэ хъуам и пэжыпIэр. Кавказыбзэм и къудамэхэр зэпыудащ иран, тырку лъэпкъхэм къатеуэн щыщIадзам. Абыхэм я зэранкIэ лъэпкъхэм я щхьэ яхъумэжын хуей хъуащ икIи щыпсэу щIыпIэхэр ябгынащ, Iэпхъуахэщ. Дагъыстэныбзэмрэ абхъаз-адыгэбзэ гупымрэ я фонетикэ ухуэкIэр нэхъ къызэтена хъуащ. Нахъхэм я бзэ къудамэм нэхъ зихъуэжащ.

Адыгэхэр, абхъазхэр къызытекIыжахэр, жыжьэу уIэбэжмэ, щIыналъэ ин яIыгъыу щыпсэууэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм и кум икIи и къухьэпIэ Iыхьэхэм, тенджыз Iуфэхэм. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ И. Дьяконов зэригугъэмкIэ, ди эрэм ипэкIэ ещанэ, етIуанэ илъэс минхэм а щIыпIэм щыпсэуащ «абхъаз-адыгэ бзэ гупым щыщ, абхъазыбзэ-адыгэбзэхэм я лъапсэу бзэкIэ псалъэ гупхэр».

Кавказыбзэм ирипсалъэхэм я бжыгъэр нэхъыбэу къыщахутар 19-нэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ. Кавказ корпус щхьэхуэм и штаб нэхъыщхьэм къызэрихутамкIэ, а зэманым абхъаз-адыгэбзэм ирипсалъэхэр мин 661-рэ хъурт, картвелыбзэм - мин 611-рэ, дагъыстэныбзэм - мин 500, нахъыбзэм - мин 220-рэ, нэхъыбэ дыдэу щытар адыгеибзэм ирипсалъэхэрщ.

Кавказыбзэхэм ящыщу абхъазыбзэр зыIурылъхэр исщ Кавказ къурш нэхъыщхьэм и щIыналъэм, абы уебакъуэмэ, шапсыгъ диалектым ирипсалъэхэр щопсэу. Абазиныбзэм ирипсалъэхэр щопсэу Къэрэшей-Шэрджэсым. Географие и лъэныкъуэкIэ нэхъ щIыпIэшхуэ зыубыдыр адыгэбзэращ: Тэрч псы Iуфэм къыщыщIэдзауэ Лабэ псы Iуфэм нэс. Аккинскэ диалектым ирипсалъэхэр Дагъыстэным, Азербайджаным, Грузием. Нобэ зыри зэрымыпсэлъэж убыхыбзэр къапщтэмэ, абы ирипсалъэхэр 1864 гъэм Тыркум Iэпхъуауэ щытащ. А псоми къыхэкIыу, иужьрей илъэсищэм щIигъуауэ нэгъуэщIыбзэм ижь убыхыбзэм щIихуакъым.

Зэман зэхуэмыдэхэм Тыркум, Сирием, Израилым, Иорданием, Иракым Iэпхъуахэщ бгырысхэр, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу.

Сыт хуэдэу щымытми, бзэхэм зым ижь адрейм щIихуащ. Фонетическэ лъэныкъуэкIэ нэхъыбэу зокIуалIэ дагъыстэн абхъаз-адыгэбзэ гупыр. Кавказыр этническэ Iуэхугъуэ лIэужьыгъуэу щыIэ псоми языхэзри, куэдми мащIэми, щекIуэкIын хуейуэ къыхуигъэщIа хуэдэщ. Ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказыр бзэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирипсалъэ лъэпкъхэр щыпсэу щIыпIэу щIыщытым и щхьэусыгъуэхэр мащIэкъым, абыхэм ятеухуауэ литературэ къулей щыIэщ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр лъэхъэнэ жыжьэхэм къыщыщIэдзауэ Кавказыр тхыдэм и гъуэгухэр щызэхэкI щIыпIэу къызэрекIуэкIырщ. Кавказым ис лъэпкъхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм къиIэпхъукIыурэ мыбы къыщызэхуэсауэ къэзылъытэ теорие щыIэщ.

Еджагъэшхуэхэм зэратхымкIэ, а Iуэху еплъыкIэм лъэпкъ гуэрхэр мыбы къызэрыIэпхъуам теухуауэ тхыдэм къигъэна щыхьэтхэр тегъэщIапIэ ищIурэ, иджыпсту Кавказым ис лъэпкъ псоми а гъуэгур къакIуауэ егъэув, ауэ, дауэ щымытми, а теорие зи гугъу тщIым Iуэхур зэрыщытам и тэмэмыпIэр зэфIигъэувэжу къэплъытэ хъунущ. Арыншамэ, апхуэдэ щIыналъэ мащIэм апхуэдиз лъэпкъ, абы бзэкIэ зэмыIыхьлыхэри яхэту, игъащIэ лъандэрэ къыщызэдэгъуэгурыкIуэу фIэщ щIыгъуейщ.

ХЬЭМЫКЪУЭ Элеонорэ.

Шхыныгъуэ хьэлэлхэр къыщIагъэкI

Аруан районым щыIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр джэдкъаз фабрикэ» IуэхущIапIэм продукцэ лIэужьыгъуэу къыщыщIагъэкIым и куэдагъым къыхагъахъуэ зэпытщ. Иджыблагъэ абы къыщызэIуахащ нэкулъ щагъэхьэзыр цех. Псори зэхэту апхуэдэ шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэу 40-м щIигъурэ полуфабрикатхэмрэ къыщыщIагъэкI абы.

Къыхэдгъэщынщи, джэд фабрикэр «зэхуэщIа» жыхуаIэ мардэм тету мэлажьэ: джэдыкIэр гъэтIылъыным къыщыщIэдзауэ ар джэдылым нэсыху Iуэхум хамэ къыхыхьэркъым, псори езым я деж щызэфIагъэкIыж. Абы къыхэкIыуи я продукцэхэм яIэ фIагъымкIэ адрейхэм хэпщIыкIыу къащхьэщокI.

«Япэм щыгъуэ джэдкъазылыр мыупщIэтауэ е зэпкърыхауэ гъэщтауэ, гъэдияуэ къыщIэдгъэкIыу, тщэуэ щытамэ, иджы абыхэм нэкулъ зэхуэмыдэхэр, полуфабрикатхэр, шхыныгъуэ хэплъыхьахэр къыщIыдгъужащ. Ахэр псори муслъымэн диным къызэрезэгъым хуэдэу догъэхьэзыр. Ди продукцэр шхыныгъуэ хьэлэлу зэрыщытыр къалъытэн папщIэ, Урысей Федерацэм и Муслъымэнхэм динымкIэ я управленэм и нэIэ щIэту лажьэ, «Хьэлэл» мардэмкIэ дунейпсо центрым дгъэхьэзэр ерыскъыхэр ткIийуэ къыщапщытэ. Абы къыдэкIуэуи, ди ерыскъыхэр зыIэрыхьэ цIыхухэм я узыншагъэм ехьэлIауэ шынагъуэ щымыIэн щхьэкIэ, ди дежи абыхэм мынэхъ тIасхъэу дащыкIэлъоплъ», - жеIэ Къэбэрдей-Балъкъэр джэдкъаз фабрикэ» IуэхущIапIэм и унафэщI Тэтэркъан Тимур.

Фабрикэм къыщIигъэкI ерыскъым «Унагъуэ хабзэхэр» фIэщыгъэр зэрехьэ икIи ди деж щимызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэ куэдми абы щIэупщIэ щаIэщ. Псалъэм папщIэ, абыхэм уащрихьэлIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэным, Дагъыстэным, Адыгейм, Поволжьем щыIэ щIыналъэхэм я къалэшхуэхэм, нэгъуэщIхэми я сату щIапIэхэм.

«2023 гъэм дэ къыщIэдгъэкIащ икIи щэхуакIуэхэм яхуедгъэшащ джэдкъазылу тонн мини 6-м нэблагъэ, дызэрыт илъэсым ар тонн мини 7-м нэдгъэсын мурад диIэщ», - къыщIигъужащ Тэтэркъан Тимур.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Нартыхум йогугъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, нартыху жылапхъэр мы гъэм зытращIар, зэкIэ къызэрабжамкIэ, псори зэхэту гектар мини 132-м щIегъу - нэгъабэ абы хухахам хуэдиз.

НАРТЫХУР республикэм и щIыналъэ псоми щыхасэ, ауэ нэхъыбэу абы щегугъур Тэрч, Прохладнэ, Бахъсэн районхэрщ. Псоми зэхэту жылапхъэу хасам и процент 60-м нэблагъэр а щIыпIищым къалъос.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху жылапхъэу тонн мелуан 1,05-рэ нэгъабэ къытрахыжащ икIи абыкIэ ди щIыналъэр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, КИФЩI-м нартыхуу къыщрахьэлIэжам и Iыхьэ щанэм нэблагъэр ди республикэм къылъос.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, нартыху жылапхъэу Iуахыжым и куэдагъым илъэс къэс къыхэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 78,5-рэ къытрахыжащ икIи ар процент 13-кIэ нэхъыбэщ 2022 щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, нартыхуу къырахьэлIэжым и куэдагъым къыщIыхэхъуэм и фIыгъэ куэд хэлъщ фIагъ лъагэ зиIэ жылапхъэхэр щIым зэрыхалъхьэм, гъавэм ехьэлIауэ щыIэ иджырей мэкъумэш технологиехэр, IэмалыщIэхэр къызэрагъэсэбэпым, псыр игъуэуи ирикъууи хьэсэхэм зэрыщIагъэлъадэм.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩIыналъэм зрагъэужьынущ

КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр щызыгъэзащIэ инвесторхэр дэIыгъыным сом меларди 9,5-м щIигъу хуаутIыпщынущ. Апхуэдэ унафэм Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

СУБСИДИЕХЭР яIэрыхьэнущ нэхъыфIу къалъыта проектхэр зи жэрдэм хьэрычэтыщIэу 10-м. Къагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм ящыщщ мэкъумэш-промышленнэ парк, лыхэкIхэм щелэжь комплекс, хьэщIэщ, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэр къызэIухыныр. Къищынэмыщlауэ, проектхэр щагъэзащIэкIэ цIыху мин бжыгъэхэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынымкIэ Iэмал хъарзынэхэр щыIэнущ.

- Iуэхур йокIуэкI «КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэм ипкъ иткIэ. Догугъэ апхуэдэ унафэм уней хьэрычэтыщIэ нэхъыбэ Iуэхум къыхишэну икIи зэман гъунэгъум кърикъубыдэу щIыналъэм и экономикэм зиужьыну, абы и цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэну, - жиIащ Мишустин Михаил.

И къулыкъум текIынукъым

Франджым и Президент Макрон Эммануэль къэралым и Парламентым и ищхъэрэ палатэм - Лъэпкъ зэхуэсым - и лэжьыгъэм къару имыIэжу къилъытащ икIи хэхыныгъэщIэхэр иригъэкIуэкIыну къыхилъхьащ. Апхуэдэуи абы жиIащ парламент хэхыныгъэхэм кърикIуэнум емылъытауэ, и къулыкъум текIын мурад зэримыIэр.

«СЭ сынэфкъым икIи сызэхэщIыкIыншэкъым: солъагъу демократиер зэрыт щытыкIэ гугъури зыхызощIэ цIыхубэмрэ къэралым и унафэщIхэмрэ зэпэжыжьэ зэрыхъуари. Пэжщ, а зэхущытыкIэм зыри тхуещIакъым, ауэ сэ къызолъытэ къэрал унафэр зегъэкIуэным зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр хэлъхьэн хуейуэ. Фэ дзыхь къысхуэфщI хъунущ 2027 гъэм и накъыгъэ мазэ пщIондэ президент къулыкъур есхьэкIыну», - итщ къэралым къыщыдэкI газетхэм къытрадза абы и письмом.

Ирагъэкlуэкla щlэупщlэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Макрон Эммануэль къыпэщIэт «Лъэпкъ зэгухьэныгъэ» партым папщIэ Iэ зыIэтынухэр тIукIэ нэхъыбэщ президентым и телъхьэхэм ейм нэхърэ.

Мэкъуауэгъуэм и 25, *гъубж*

♦**ХыдзэлIым и дунейпсо махуэщ**
♦**Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэщ**
♦**1939 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Тимирязевым и цIэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Агъырбэ Юрий**.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист **Нэхей Руслан**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ журналист, политикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщI **КIэрашэ Аслъэнбэч**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 33-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 26, *бэрэжьей*

♦**Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1920 гъэм** Налшык и Затишье хьэблэм къалэм и япэ санаторэ къыщызэIуахащ.
♦**1938 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Абдокъуэ Маталио**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис**.
♦**1990 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луизэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, унэм ущымылIыхъуж.

Ислъамым и нур

ПIлaнэпэр зыгъэхьэзырар ЧЭРИМ Марианнэщ

Джэрмэншык и мэжджытыщIэр

Мэкъуауэгъуэм и 18-м Джэрмэншык къуажэм мэжджытыщIэ къыщызэIуахащ. Дауэдапщэ гукъинэж зрагъэкIа ухуэныгъэм илъэситI ипэкIэ елэжьын щIадзауэ щытащ, ипэрейм къекIуалIэ цIыхухэр зэрыщIэмыхуэжым къыхэкIыу.

«НОБЭРЕЙ махуэр Джэрмэншык жылэм дежкIэ гуфIэгъуэ тIуащIэщ, - жиIащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий мэжджытыщIэм иращIэкIа тхьэлъэIум къыщыщIэсалъэм. - Алыхьым и унэ лъапIэу нобэ зи бжэхэр къызэIузыхым и сэбэп къуажэми, жылэми, цIыхубэми къахудэкIуэну сохъуэхъу».

МэжджытыщIэр къатитIу зэтетщ, и теплъэкIи зэрызэхэт пэшхэмкIи иджырей тхьэелъэIупIэхэр зэрыщытыпхъэ мардэм хуэфащэщ. Iимам Соблыр Исуф, хьэщIэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ защыхуигъазэм, жиIащ: «Нобэ мэжджытыщIэ къызэIудох. ЦIыкIуи ини, Алыхьталэм си щхьэр хуэзгъэтIылъынщ жызыIэ дэтхэнэ зыри къыдогъэблагъэ. Диным къекIуэлIагъащIэу нэмэз щIыкIэ зымыщIэхэри едгъэсэнущ, зыщIэупщIэхэм я жэуап къагъуэтынущ».

Спорт Iэмэпсымэхэри, сабий джэгупIэ зэмылIэужьыгъуэхэри кърашэлIат Джэрмэншык мэжджытым махуэшхуэм ирихьэлIэу. Зы лъэныкъуэмкIэ я нэгу зыщрагъэужьмэ, адреймкIэ КъурIэн еджэнкIэ зэпеуэхэр щыплъагъурт. «Мы мэжджытыр иджырей зэманым хуэкIуэу яухуащ, - жиIащ Iимам Мэз Рашид. - ЦIыху мин хуэдиз щIэхуэну худогъэфащэ. ДызэрыщымыгугъауэпсынщIэу зэфIэкIащ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр, псори зэхэту илъэситIрэ ныкъуэрэ текIуэдами аращ. Зэрыкъуажэу ящIащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Жылэм щыщхэми щымыщхэми, хьэрычэтыщIэхэми, хэт машинэ къытхуигъакIуэу, хэт етхьэлIэнухэр къытхуищэхуу, хэти и къарур къыдихьэлIэу, хэти и мылъку къыхилъхьэу, гугъу зыкъыддрагъэхьащ, дэтхэнэ зыми псапэу Алыхьым къаритыж».

Мэжджыт пщIантIэри зыхуей хуагъэзащ: сабий джэгупIэхэр, тетIысхьэпIэхэр, жэщ уэздыгъэхэр ирагъэувэкIащ и хъуреягъкIэ. Зэрыжылэу зыщагъэпсэхуфыну щIыпIэ хъуащ Джэрмэншык мэжджытри, дэри къуажэдэсхэм я гуфIэгъуэр ядыдоIыгъ.

Бэшэчагъым теухуа хъыбар

Шэджэм ЕтIуанэ мэжджытым и Iимам ХъуэкIуэн Арсен и хъутIбэхэм щIэх-щIэхыу къыхохуэ уи Iиманым и куугъыр къыпфIэIуэхун хуей гуэру зэрыщытыр уигу къэзыгъэкIыж хъыбархэр. Апхуэдэхэм язщ Мысырым зэман кIыхькIэ тепщэгъуэр щызыIыгъа фирхьэунхэм я зым гущIэгъуншэу игъэкIуэда бзылъхугъэм теухуар. ЦIыху бзаджэм къыбгъэдэкI лейр Алыхьталэм къыхуигъэфэща тезыру къимылъытэну акъылрэ зэхэщIыкIрэ зыхурикъуар дунейр щытыхукIэ фIэщхъуныгъэ нэсым и щапхъэу къэнэнущ. Аращ Iимамым къиIуэтэж хъыбарым гур хигъэщI къудей мыхъуу, къаруи къыщIыпхилъхьэр.

ФИРХЬЭУНЫМ и лъэхъэнэм бзылъхугъэ гуэр псэуащ цIыхуфIхэм ящыщу. И щхьэгъусэри фирхьэуным бгъэдэту, езы цIыхубзми гъэсэныгъэрэ цIыхугъэрэ зэрыхэлъым къыхэкIыу, фирхьэуным и пхъум и гъэсакIуэу къащтауэ. ЗэщхьэгъуситIым Алыхьыр я фIэщ хъууэ, Iиман ябгъэдэлъу, ауэ ар фирхьэуным щабзыщIу, кърамыгъащIэу апхуэдэт. Махуэ гуэрым цIыхубзым фирхьэуным и пхъум и щхьэцыр ижьрэ пэт, мажьэ иIыгъыр Iэпыхуащ. «Бисмиллахь», - жеIэ цIыхубзым, мажьэр къиштэжыну зригъэзыхрэ пэт. Фирхьэуным и пхъум апхуэдэ псалъэ зэи зэхихатэкъым, тхьэуэ зыкъызыфIэщIыжа фирхьэуным фIэкIаи тхьэ щыIэу ищIэртэкъым. «Си адэра жыхуэпIэр?» - щIэупщIащ хъыджэбз цIыкIур. «Хьэуэ! - къритащ жэуап цIыхубзым. - Сэ зи цIэ къисIуар сэри, уэри, уи адэми ди Тхьэ Алыхьырщ». Сабийм ар игъэщIагъуэри, и адэм жриIэжащ. ЦIыхухэр зыхуэзыгъэпщылI, тхьэуэ зызыгъэIуа фирхьэуным апхуэдэ цIыху и унэм щIэсу идэнт? Арати, цIыхубзыр езым и деж икIэщIыпIэкIэ къерегъашэ.

- Хэт уи Тхьэр? - йоупщI фирхьэуныр бзылъхугъэм.

- Сэ си Тхьэри уэ уи Тхьэри Алыхьырщ.

Фирхьэуныр апхуэдэ жэуапым къигъэгубжьри, цIыхубзыр иригъэубэрэжьащ. Абы иужькIэ хьэпсым ирыригъэдзащ. «Е ди диным укъохьэж, е зэшэзэпIэу удоукI», - и къарур хуигъэдэлъащ абы фирхьэун гущIэгъуншэм. АрщхьэкIэ Iиманыр зи гум кууэ хыхьа цIыхубзым ар идакъым.

Фирхьэуным ар щыжраIэжым, жэз шыуан иригъэгъэувщ, дагъэ ирыригъакIэри, и лъабжьэм мафIэ щIригъэщIыхьащ. Дагъэм къэкъуалъэу щIидза нэужь, цIыхубзыр хьэпсым къыщIашащ. Езым здашэр дэнэми ищIэртэкъым. МафIэм ирашэлIащ, шыуаныр къокъуалъэри тетщ. ЦIыхубзыр мэгупсысэ: «Иджыпсту мыбы сыхадзэнурэ, си Iуэхур зэфIэкIынущ». АрщхьэкIэ фирхьэунри бзаджэт. ЦIыхубзым унагъуэ иIэт. И сабий цIыкIуищри, и щхьэгъусэри кърigъэгъэуващ фирхьэуным абы и пащхьэм. «Е иджыпсту сэ тхьэуэ сыкъэплъытэнущ, е иджыпсту уи нэкIэ плъагъуу мы уи унагъуэр зырызыххэу мы дагъэ пщтырым хэддзэнущ», - жриIащ. ЦIыхубзыр щымт. Арати, дзэм щыщ гуэрхэр къыхэкIщ, цIыхубзым и лIыр яубыдри, дагъэ къэкъуалъэм хадзащ. Дагъэ пщтырым асыхьэтым мо лIыр ивэпхъри, и къупщхьэхэр дагъэ щIыIум къыдрихьеижат. ЦIыхубзыр мэгъуэг, мэгуIэж, ауэ фирхьэуныр тхьэпэлъытэу къызэримылъытэри хуэбзыщIыркъым. Арати, и щIалэ нэхъыжьыр яубыд. «Ди анэ, къыздэIэпыкъу, сыкъегъэл», - мэкIий щIалэ цIыкIур. ЦIыхубзым фирхьэуныр зыхуейр щыжимыIэм, и къуэр дагъэ пщтырым хадзащ. Аргуэрым и къупщхьэхэр дагъэ щIыIум къыдрехьеиж. ЦIыхубзыр зэщыджэу магъ, ипхъу цIыкIум илъагъур хуэмышэчу, и нэкIур еубыд. Ари анэм и кIэм къыкIэрачри, мафIэм бгъэдашэ. Аргуэру паубыд цIыхубзым фирхьэуныр тхьэуэ къилъытэну. Ауэ зи гур Iиманкlэ Алыхьым игъэбыда цIыхубзым ар хуэзэфIэкIыркъым. Арати, хъыджэбз цIыкIури мафIэм хадзэри, мыдрей тIум къащыщIар къыщощI. Лы жьэрымэр хьэуам хихьауэ дэнэкIи щызэрехьэ, цIыхубзыр мэгуIэж. Нэхъыщlэ дыдэр сабий быдзафэт. Ари къызэрыIэщIачынур къызыгурыIуа цIыхубзыр абы йопэм, ба хуещI, шэ ирегъафэ. Фирхьэуным унафэ ещI ари цIыхубзым къытрахыну. Мо фIыуэ илъагъу и щхьэгъусэри и бынитIри дагъэм хадзэу зэрежьэжар зылъэгъуа цIыхубзыр Iэнкун къэхъуащ абдежым. Фегупсысыт! Зы мэл е джэд зэрыпсэууэ дагъэм хэбдзэмэ, уи гур щIэузынущ, гущIэгъу гуэр пхэлъыххэмэ. Шэ зригъэфар иджыри и жьэм къыIурыжу, сабий цIынэр мафIэм щхьэщахьащ. ЦIыхубзым и акъылыр фIэкIуэдыным нэсауэ, и фэм итыжтэкъым. Асыхьэтым Iиманышхуэ зиIэ цIыхухэм дальагъу хабзэ телъыджэ къигъэхъуащ Алыхьталэм, сабий цIынэр къигъэпсэлъащ: «Уа ди анэ! Бэшэчу щыт, уэ гъуэгу захуэм утетщ». Апхуэдэу Iиман куу зыбгъэдэлъ цIыхубзым и хьэтыркIэ Алыхьталэм дунеягъэр зэрызэтет хабзэр ихъуэжат асыхьэтым. Абы щхьэкIэ къамыгъанэу, аргуэрыр дагъэ плъам хадзэу и къупщхьэхэр дагъэ щIыIум хужьу къызэрыдрихьеижар зылъэгъуа бзылъхугъэм иджы щIикIуэтын щхьэусыгъуэ иIэжтэкъым. «КъефшалIэ иджы езыр!» - жиIащ фирхьэуным. «Зы лъэIу къысхуэщIэ», - жиIащ цIыхубзым. Фирхьэуныр арэзы хъуащ: «ЖыIэ узыхуейр!» «ЗэрыунагъуэуІ зы кIуэдыпIэ дыщихуакIэ, сынолъэIу псоми ди къупщхьэлъапщхьэр зэхуэпхьэсу, зы щIыпIэ хэха деж дыщыщIебгъэлъхьэжыну». МафIэм хадза нэужь, цIыхубзри ивэпхъри ежьэжащ.

Абдежым щиухакъым а унагъуэм я Iуэхур. ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар уафэм щыдрахьеям щыгъуэ, щIыпIэ гуэрым щыблэкIым, мэ IэфI, мэ гуакIуэ дыдэ къыщIихьат. «Дэнэ мы мэ гуакIуэр къыздикIыр?» - жиIэу ДжэбрэIил щеупщIым, къыжриIащ: «Ар фирхьэуным и пхъум и щхьэцыр зыжьа цIыхубзымрэ абы и бынхэмрэ къащхьэщих мэрщ».

Тхьэмахуэ махуэм ящI псапэ нэмэз

Нобэ къытеддзэ тхьэмахуэ махуэм и псапэ нэмэз щIыкIэмкIэ ныдогъэс ипэрей «Ислъамым и нур» къыдэкIыгъуихым къытехуа махуэ щхьэхуэхэм я псапэ нэмэзхэр.

АЛЫХЬЫР арэзы зыхуэхъун Iэбу Хъурэйрэ, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиIауэ къиIуэтэжащ:

«Тхьэмахуэ махуэм псапэ нэмэзу тIысыгъуиплI, дэтхэнэ зыми «Фатихьэмрэ» «Бэкъэрэ» сурэм и иужьрей IэятитIымрэ («Амэнэ рэсуулу») къыщибжу зыщIым, Алыхьталэм хуитхынущ чыристан цIыхухъурэ цIыхубзу дунейм тетым я псапэр».

Адыгэхэр зэпызыщIэ генерал

● ДифI догъэлъапIэ

Иорданием и дзэм илъэс 32-кIэ хэта генерал, ди лъэпкъэгъу цIыху щыпкъэ Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд Хьэмид и къуэм и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ.

ИОРДАНИЕМ и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьащ Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд. Абы и къудамэхэр щыIэщ шапсыгъхэр, бжьэдыгъухэр, абазэхэхэр щыпсэу Сыуелыхь, Джэрэш, аз-Зэркъэ, Русейфэ, Нэхьур, Уадисир къуажэхэм. Хасэм къегъэщIылIауэ мэлажьэ Къандур Сэтэней зи унафэщI Бзылъхугъэхэм я хасэри. ФIыщIэ Хасэм епхауэ илъэс 30-м щIигъуауэ адыгэ еджапIи щыIэщ Иорданием. Ар зи фIыщIэу къалъытэр цIыхубзхэращ. Дыгъужьокъуэм адыгэбзэр зэребгъэдджыну тхылъитI адыгэбзэкIэ къыдигъэкIащ. Зыр яхуэгъэзат пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и еджапIэм щеджэ сабийхэм, етIуанэр адыгэбзэ зэзыгъэщIэну хуей нэхъыжьыIуэхэм.

Дзэм къулыкъу щищIэн ипэ Мухьэмэд щеджащ Лондон и кадет колледжым. Ар къиуха нэужь, Иорданием и дзэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьащ. КъыкIэлъыкIуэу, Париж илъэситIкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Дыгъужьокъуэр къекIуэкIащ дзэм къулыкъушхуэхэр щиIыгъыу.

Дзэм къыхэкIыжа нэужьщ зыхуэпабгъэ лъэпкъ Iуэхум нэхъри зыщритар. Адыгэбзэр езы Мухьэмэд зригъэщIэжауэ фIы дыдэу игъэшэрыуэрти, дерсхэр иту щIидзащ. Урысыбзэр щызэригъэщIащ Иорданием щыIэ Урыс унэм. 2008 гъэм къызэIуаха «Нарт» ТВ-р, адыгэбзэм фIыуэ ирипсалъэ хуэныкъуэ щыхъум, ядэлэжьэну арэзы хъуащ. Дыгъужьокъуэм абы зэрыщыIар хуабжьу къыхуэщхьэпауэ къелъытэ и бзэр нэхъ шэрыуэ хъунымкIэ, и лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм, адыгэбзэр зэрырагъэджым зыщигъэгъуэзэнымкIэ. А зэманым Мухьэмэд игъэхьэзыращ бзэр нэхъ тыншу зэрызэбгъэщIэну алыфбей, жьэрыIуатэбзэм къыдэкIуэу тхыбзэри иризэбгъащIэу. Ар нэхъри иригъэфIэкIуэну и мурадщ, адыгэбзэр зэзыгъэщIэну хуейхэм ящигъэпсынщIэн папщIэ.

Иужьым радиом ирагъэблагъэри, тхьэмахуэм кърiубыдэу зы нэтын игъэхьэзыру лэжьащ. А зы нэтыным тхьэмахуэ псо тригъэкIуадэрт, зэпэщу игъэхьэзырын папщIэ. Мухьэмэд и нэтыным псалъэжьхэмрэ псысэхэмрэ гулъытэ щыхуищIырт, адыгэ макъамэхэри щIэх-щIэхыурэ къригъауэрт. Нэтыным адыгэбзэкIэ щыжиIэхэр къыбгъэдэс бзылъхугъэм хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIыжырт, нэхъыбэм гурыIуэгъуэ ящыхъун хуэдэу. КъинэмыщIауэ, нэтыным телефонкIэ къэпсалъэхэм жэуап иратыжырт.

Гуапэщ Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр адыгэу захъумэжыным зэрыхущIэкъур. Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и къудамэхэм къадэкIуэу, щIалэгъуалэм я спорт клуб, адыгэ къафэмкIэ центр, лъэпкъ Iуэху щызэрахьэ, бзэр щрагъэдж, къафэм щыхуагъасэ академие щыIэщ. А псори хуэунэтIащ щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылъу, лъэпкъ хабзэхэм щыгъуазэу къагъэтэджыным. Иорданием и пащтыхьым и щхьэхъумэхэр адыгэ фащэрэ IэщэкIэ зэщIэузэда адыгэлI хахуэхэрщ. Апхуэдэу пащтыхьым и хьэщIэхэр къезыгъэблагъэри, ахэр зыхъумэри, зэбгъэдэсыху зи нэIэ къатетри адыгэ фащэр къызыщыпс а щIалэхэрщ. ХьэщIэхэм ар яфIэгъэщIэгъуэнщ икIи езы пащтыхьри ирогушхуэ адыгэхэр къызэрыкъуэтым. Гуапэщ къэралым и Iэтащхьэр адыгэхэм нэ лейкIэ къызэреплъыр.

- Иорданием адыгэхэр дытхъэжу, пщIэ диIэу дыщопсэу. Къулыкъушхуэ зыIыгъхэри къытхэтщ. Лъэпкъ хабзэр Iэмал зэриIэкIэ зыдохьэ. Хабзэракъым тфIэкIуэдыр, анэдэлъхубзэращ, - жеIэ Мухьэмэд. - Бзэр зэзыгъэщIэнухэм я дэIэпыкъуэгъуу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм тхылъ къыдигъэкIыфмэ, гуапэщ. Псом хуэмыдэу адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм дуней псом я щапхъэу бзэр яхъумэну я къалэнщ. Хэкум бзэр щыкIуэдмэ, дуней псом щыкIуэдынущ. Пэжыр жысIэнщи, Хэкужьым сыкъэкIуэжыху зызгъэнщIыну сыхунэмысу зэманыр псынщIэу макIуэри, илъэс къэси сыкъэкIуэжыну си мурадщ.

Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд адыгэ хабзэ, нэмыс щызекIуэ, бзэр щагъэбзэрабзэ унагъуэ дахэ и щIыбагъ къыдэтщ. И щхьэгъусэ Лизэрэ абырэ щIалиплI (Нарт, Акрам, Осамэ, Ахьмэд) зэдапIащ. Дэтхэнэри унагъуэ щхьэхуэу ягъэтIысыжащ, къащIэхъуащ къуэрылъхухэри. Дадэ-нанэм я гурыфIыгъуэр я щIэблэ дахэрщ.

КъинэмыщIауэ, Мухьэмэд ватсапым къыщызэригъэпэщащ «Ди бзэ-ди псэ» лъэпкъ гуп дахэр. Абы хэтщ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Тыркум, Сирием, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Германием, Швецием, Австралием, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу, анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ ди лъэпкъэгъухэр. Абыхэм гулъытэ хуащI цIыху цIэрыIуэхэм, щэджащэхэм, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ Iущыгъэхэм, хабзэхэм, псалъэжьхэм. Нэхъыщхьэращи, а гупыр сэбэп мэхъу дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэрыцIыхунымкIэ, зэрыщIэнымкIэ, я зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэнымкIэ. Зэгуэр Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд къызэригъэпэщауэ щыта гупым хэтхэм я бжыгъэм хохъуэ, зеужь. Езыри хэкужьым къыщыкIуэжкIэ гупым хэтхэр зэхуэсурэ зэрогъэгушхуэ, зэрогъэгуфIэ. Адыгэхэр зэпызыщIэ лъэмыж Мухьэмэд къызэрызэригъэпэщар а гупым хэтхэм зэращымыгъупщэм, нэхъыжьыфIым пщIэ зэрыхуащIым и щыхьэтщ, зэпэIэщIэми, и махуэм ирихьэлIэу гупыр Интернетым и IэмалкIэ абы зэрехъуэхъуар. Гупым хэтхэм хъуэхъу дахэ мыухыжхэр жаIэу Мухьэмэд хуатха усэхэм къеджэу, псалъэхэри макъамэри езым ейуэ Апэнэс Валерэ хуитха уэрэдыр ягъэзащIэу, ИнтернетымкIэ пшыхь зэрыхуащIар, дауи, Дыгъужьокъуэм гуапэ щыхъуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Бадзэуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	02.41	04.28	12.20	16.23	19.54	21.44
2, гъубж	02.42	04.29	12.20	16.23	19.53	21.43
3, бэрэжьей	02.43	04.30	12.21	16.23	19.53	21.43
4, махуэку	02.44	04.30	12.21	16.24	19.53	21.43
5, мэрем	02.45	04.31	12.21	16.24	19.53	21.43
6, щэбэт	02.46	04.31	12.21	16.24	19.52	21.42
7, тхьэмахуэ	02.47	04.32	12.21	16.24	19.52	21.42
8, блыщхьэ	02.48	04.33	12.21	16.24	19.51	21.41
9, гъубж	02.50	04.34	12.21	16.24	19.51	21.41
10, бэрэжьей	02.51	04.34	12.22	16.24	19.50	21.40
11, махуэку	02.52	04.35	12.22	16.23	19.50	21.40
12, мэрем	02.53	04.36	12.22	16.23	19.49	21.39
13, щэбэт	02.54	04.37	12.22	16.23	19.49	21.39
14, тхьэмахуэ	02.56	04.38	12.22	16.23	19.48	21.38
15, блыщхьэ	02.57	04.39	12.22	16.23	19.47	21.37
16, гъубж	02.59	04.39	12.22	16.23	19.47	21.37
17, бэрэжьей	03.00	04.40	12.22	16.23	19.46	21.36
18, махуэку	03.01	04.41	12.22	16.23	19.45	21.35
19, мэрем	03.03	04.42	12.22	16.22	19.44	21.34
20, щэбэт	03.04	04.43	12.22	16.22	19.43	21.33
21, тхьэмахуэ	03.06	04.44	12.23	16.22	19.42	21.32
22, блыщхьэ	03.07	04.45	12.23	16.22	19.42	21.32
23, гъубж	03.09	04.46	12.23	16.22	19.41	21.31
24, бэрэжьей	03.10	04.47	12.23	16.21	19.40	21.30
25, махуэку	03.12	04.48	12.23	16.21	19.39	21.29
26, мэрем	03.13	04.49	12.23	16.20	19.38	21.28
27, щэбэт	03.15	04.50	12.23	16.20	19.36	21.26
28, тхьэмахуэ	03.16	04.51	12.23	16.20	19.35	21.25
29, блыщхьэ	03.18	04.52	12.22	16.19	19.34	21.24
30, гъубж	03.19	04.53	12.22	16.19	19.33	21.23
31, бэрэжьей	03.21	04.54	12.22	16.18	19.32	21.22

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и къыдитащ.

IэбэкIэ пхэнж

Накъыгъэм и иужьрей тхьэмахуитIым Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ нэкIур щIэзыхъумэ щыгъынхэр ямыдэну. ЖэрдэмыщIэр утыку къизыхьа вице-спикер Даванков Владислав зэрыжиIэмкIэ, муслъымэн зыхуэпэкIэр къагъэщхьэпэу, щIэпхъаджащIэхэм лей зэрахьэфынущ.

ДИНКIЭ зэпэщIэтыныгъэ къамыгъэхъуныр нэхъ яфIэигъуэу, Думэм Даванковым и жэрдэмыр зыкъомрэ IуигъэкIуэтащ. Иджы щIэрыщIэу къыхалъхьэжауэ, никаб зыIузылъхьэм тезыру сом мин 15-м щегъэжьауэ 30-м нэсу тралъхьэну хуит зыщI хабзэм теухуа унафэ ягъэхьэзыр.

IэбэкIэ пхэнжкIэ гу зылъригъэтащ Думэм къыдиха жэрдэмым игъэгушхуа, Ивановэ къалэм дэт МедицинэмкIэ университетым и егъэджакIуэ, доцент Жидоморов Николай. ЗэрыжаIэмкIэ, доцентым «Урысейм хиджабыр щыхьэрэмщ» псалъэхэмкIэ иухыу усэ зэхилъхьэри, IэлъэщI зытелъ и студент хъыджэбзыр абы утыкум къыщригъэджащ. «Сэ Ивановэ къалэм дэт медицинэ университетым сыщоджэ, - итхащ хъыбарыр япэу къыщагъэлъэгъуа «Голос Дагестана» телеграм каналым. - ЕгъэджакIуэ Жидоморов Николай мис мыпхуэдэ усэ зэхилъхьэри, зи щхьэцыр щIэзыхъумэ хъыджэбзыр хигъэзыхьащ абы студентхэм я пащхьэм макъкIэ къыщеджэну».

Хъыбарыр напIэзыпIэм къэралым щызэбгрыкIащ. Акъыл зимыIэм лIыгъи зэрыхэмылъыр гурыIуэгъуэти: «Си гугъакъым, сыхуеякъым, сыщыуащ, сыщIегъуэжащ» псалъэхэр дэщIыгъуу, Николай и усэр «Стихи.ру» интернет хэщIапIэми ирихыжащ.

Жидоморовым къэхъуамкIэ езы хъыджэбзыр егъэкъуаншэ: «Сэ ар тIэкIу згъэсэну сыхуейуэ арат. ЕджапIэм IэлъэщI телъу къэкIуати, къызэрысщыхъур къыгурыIуэн хуэдэу, усэр естащ. Езыр адрейхэм къахуеджащ. Усэм си еплъыкIэр къыщызгъэлъагъуэу арат: диным епха дэтхэнэ щыгъынри щыемыкIущ ди академием».

Усэ зыфIэпщыну гугъу Жидоморовым и сатырхэр зэбдзэкIкIи укъеджэкIи губзыгъагъэу хэпхынур мащIэщ. «Урысейм апхуэдэ щыхабзэкъым» жыпIэным сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэри ирищIэпхъумэ хъуну къызэрыфIэщIарщ егъэджакIуэм и тхэнығур къезыгъэблар. Ауэ цIыхубэр зыщихъумэ «дин щIэпхъаджащIэхэм» езыр зэрыхабжар къыгурыIуэжа нэужь, «сагъэшынэ, саукIыну жаIэ» итхыурэ, къэралым и цIыху Iэсэлъасэу къэувыжащ.

Зи щхьэцыр щIэзыхъумэ еджакIуэ хъыджэбзхэм ятеухуа хъыбархэр гъэ еджэгъуэщIэ къэс зэхыдох. Илъэс блэкIам школ гуэрым къыщыхъуа къаугъэм иужькIэ, КъБР-м и муслъымэн IуэхущIапIэм «зэран яхуэмыхъуну унафэ къащтащ» псалъэхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ, республикэм и Iэтащхьэм и Iэ зыщIэлъ дэфтэр утыку кърихьа нэужь, псори зэрыгъэбэяужащ. Ауэ щыхъукIи, «гъэ еджэгъуэщIэм укъыщIэзгъэхьэнукъым, нэгъуэщI школ кIуэ» зыжраIэ пщащэхэм я тхьэусыхафэхэр ди тхьэкIумэм икIыркъым.

ЗыхуэпэкIэм теухуа бэлыхьхэр фокIадэм щIэрыщIэу къэмыхъеижын папщIэ, унафэр иджыри зэхэзымыхахэм я деж нэсыну ди гуапэт.

● Дэ къытхуатх

ЩIалэгъуэ дахэм и лъэхъэнэ IэфI

ФIыуэ тлъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу, нобэ сехъуэхъуну сыхуейщ си щIалэгъуэм, гъащIэ лъагъуэр щыпхытш лъэхъэнэ дахэм, ныбжьэгъуфI схуэхъуауэ щыта, сызыдеджа гупым. ЗэрыжаIэщи, щIалэгъуэр гум имыхуж зэманщ. Абы щыгъуэ цIыхугъэфI пхуэхъухэр уи гукъэкIыжхэм хэту гъащIэм къыхонэ.

ТЭРЧ мэкъумэш техникумыр (нобэ ар КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Бэлъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и къудамэщ) 1964 гъэм IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зрагъэгъуэтауэ къэзыуха псоми си гуапэу сынывохъуэхъу. Илъэс 60 ирикъуащ ди щIалэгъуэ илъэс гуимыхужхэм щыщ Iыхьэ щетхьэкIа, ди гум IэфIу къина еджапIэ угъурлыр къызэрыдухрэ. Си курсэгъуу щытахэм, сызэрыщыгъуазэмкIэ, гъащIэм гъуэгу тэмэм щыпхашащ, унагъуэ екIуэхэр яухуащ, зыпэрыта IэнатIэхэми, дауи, ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ.

Куэд мэхъу си гукъэкIыжхэр. Еджэныр къыщыдуха япэ илъэсхэм нэхъ дызэрыщIащ гуауэкIи гуфIэгъуэкIи. Нэхъ зэпэIэщIэ дыщыхъуаи къытхуихуащ. ГъащIэщ а псоми зэреджэр - узэрыхуей дыдэм хуэдэу псори хъуркъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, техникумыр къэзыухахэм ящыщ куэди дунейм ехыжащ. Абыхэм ахърэт нэху Тхьэм къарит!

Къыздеджахэми, псоми фIыуэ тлъагъуу, ди щIалэгъуэ илъэсхэм ящыщхэр щыдгъэкIуа, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызэдгъэгъуэта техникумым нобэ щеджэ студентхэми сохъуэхъу я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къайхъулIэу, узыншагъэ быдэ яIэу, гъащIэм гу щахуэу дунейм тетыну. ЩIэблэ куэдым щIэныгъэ куурэ IэщIагъэ дахэрэ щызрагъэгъуэтын еджапIэ махуэ Тхьэм ищI КъБКъМУ-м Тэрч щIыналъэм щиIэ къудамэри.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Ленэ.

Кинофестивалыр зэхуащIыж

КъБР-м и Музыкэ театрым мэкъуауэгъуэм и 21-м щызэхуащIыжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр-2024» лъэпкъыбэ кинофестивалыр. Пшыхь гуапэр ирагъэкIуэкIащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэ Дер Иринэ, Музыкэ къэрал театрымрэ «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамблымрэ я къэфакIуэ Гуртуевэ Лейлэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, урысейпсо, дунейпсо кинофестивалхэм я къызэгъэпэщакIуэ Новожилов Сергей.

ПШЫХЬЫР къафэкIэ къызэIуахащ КъБР-м и цIыхубэ артист Атэбий Игорь зи художественнэ унафэщI «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и артистхэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр-2024» кинофестивалым кърикIуахэм щриплъэжым, къыхагъэщащ ар гукъинэж зэрыхъуар. ХьэщIэхэр киногъуазджэм и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм кIэлъыплъащ, щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм (Гуэл ЩхъуантIэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм, Балъкъэр Ипщэм) зыщрагъэплъыхьащ, я нэгу зыщрагъэужьащ. Зи щэнхабзэкIэ, динкIэ зэщхьэщыкI лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр фестивалым и махуитхум зэхуэгуапэу, зэгурыIуэ яку дэлъу зэхыхьэхэм хэтащ икIи я зэпыщIэныгъэр нэхъри ягъэбыдащ, икIи шэч хэлъкъым хэгъэрейхэми хьэщIэхэми гукъинэж зэращыхъуам.

Гъуазджэм и махуэшхуэ хъуащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекIуэкIа творческэ пшыхь гъэщIэгъуэнхэр. Актёр Iэзагъэмкiэ егъэджакIуэ, театрымрэ киномрэ я актёр цIэрыIуэхэу Латушкэ Иван, Назаров Юрий, Костинэ Еленэ, Нечитайлэ Полинэ, Колосов Максим, Беляев Станислав, Ливанов Аристарх, Судец Татьянэ, Чернецкий Руслан, Красько Ольгэ, Крайновэ Янэ, Капустин Вадим, Перадзе Георгий, Алексеев Артём, Бутенкэ Владимир, Запорожский Кирилл, Зацепин Антон, Меспорян Андраник я мастер-классхэр щIэщыгъуэт икIи купщIафIэт. Пшыхьхэм екIуэлIахэм абыхэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ. Ди артистхэу Балъкъэр Тамарэ, Хьэмыку Жаннэ, Хьэщхъуэжь Ислъам, Шыкуэ Аскэр, Хьэткъуэ Дианэ, Нэгъуей Заур сыми Iуэхум жыджэру хэтащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кинофестивалыр и кIэм нэблэгъащ. Киногъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм IэмалыфI яIащ кинотеатрхэм иджыри щамыгъэлъэгъуа фильм нэхъыфIхэм еплъыну, – жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. – Хабзэ зэрыхъуауэ, Iуэхум дяпэкIи къыпытщэнущи, къыкIэлъыкIуэну зэхыхьэми хьэщIэхэр иджыри фыкъытхуеблэгъэну ди гуапэщ! ФIыкIэ дызэхузэ!

Кинофестивалым и кIэух пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ хьэщIэхэмрэ ди республикэм и артистхэмрэ. Чристэнхэмрэ муслъымэнхэмрэ ятеухуа усэ къеджащ киноактёр Бутенкэ Владимир. Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Мэкъуауэ Астемыр игъэзэщIащ куэдым фIыуэ ялъэгъуа, тхыдэ хьэлэмэт зиIэ «Лучший город земли» уэрэдыр.

УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, «Спокойной ночи, малыши!» нэтыныр илъэс куэдкIэ езыгъэкIуэкIа Судец Татьянэ налшыкдэсхэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ икIи къыхигъэщащ Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщигъэпсэхуну, бгым лыжэкIэ къыщижыхьыну зэрыфIэфIыр, Налшык къалэм и дахагъэм зэрихьэхуар. Пшыхьым ар къыщеджащ «Моя святая Русь» усэм.

КърихьэлIахэм апхуэдэу я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыIакIуэ Месропян Андраник, театрымрэ киномрэ я актёр Колосов Максим, Беларусь Республикэм щIыхь зиIэ и артист, киномрэ театрымрэ роль куэд щызыгъэзэщIа Чернецкий Рустам, театрымрэ киномрэ я актёр Алексеев Артём, «Дыщэ грамофон» лъэпкъ саугъэтыр къэзыхьа, «Фабрика звёзд» проектым щытекIуа, актёр, режиссёр, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ Зацепин Антон, «Фабрика звёзд» теленэтыным щытекIуа уэрэджыIакIуэ, актёр цIэрыIуэ Малинин Никитэ, театрымрэ киномрэ я актрисэ Красько Ольгэ, татрымрэ киномрэ я актёр Запорожский Кирилл, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэу Абэнокъуэхэ Рустамрэ Альмирэрэ, уэрэджыIакIуэ Жаникаев Эльдар, Соттаев Къанщауэ зи художественнэ унафэщI, щапхъэу къалъыта «Iуащхьэмахуэ» къэфакIуэ ансамблым, Унэжокъуэ Тимуррэ Заремэрэ зи художественнэ унафэщI «Шагъдий» къэфакIуэ ансамблым, нэгъуэщIхэми. Пшыхьыр зэхуащIыжащ Красько Ольгэрэ Колосов Максимрэ зэдагъэзэщIа «Кабардино-Балкария» уэрэдымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Резуан «Химки»-м егъэзэж

Иджыблагъэ хъыбар къызэрытIэрыхьамкIэ, иужьрей илъэсым Азербайджаным и «Нефтчи» футбол командэм щыджэгуа Мырзэ Резуан ди къэралым къегъэзэж. Къыздигъэзэжри, Баку къалэм и топджэгу гупым яхыхьэн ипэкIэ щыджэгуа, Мэзкуу областым и «Химки» клубырщ.

«ЧЕМПИОНАТ.КОМ» спорт хъыбарегъащIэ IэнатIэм зэритхымкIэ, Резуан и узыншагъэр зыхуэдэр абы къыщапщытакIэщ икIи къэнэжар зэгурыIуэныгъэм Iэ щIэдзынырщ. ЗэрыжаIэмкIэ, зэкIэ илъэситI пIалъэ хуэдизкIэщ абы зэрыхэтынур, иужькIэ, лъэныкъуитIыр зэхуэарэзыуэ щытмэ, абы къыпащэнущ. «Химки» клубым Мырзэ Резуан зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэнущ я зэхуакум дэлэл дэмыту. Абы къикIращи, езым и щхьэ унафэ хуищIыжынущ.

Ди псалъэм щыхьэт техъуэу, «Химки»-м и унафэщI Оленев Николай «Матч ТВ»-м жриIащ гъуащхьэхъумэныкъуэ Мырзэ Резуан зэпсэлъэныгъэхэр зэрыдрагъэкIуэкIыр. «Резуан иджыпсту допсалъэ. ЗэгурыIуэныгъэр и кIэм нэблэгъащ, ар зэтщIылIэным къэнэжар зымащIэщ», - жиIащ абы.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, адыгэ щIалэр Мэзкуу областым и командэм щыджэгуащ 2020 - 2023 гъэхэм, икIи абы хэту губгъуэм къихьащ 67-рэ, топ 14 хьэрхуэрэгъухэм я гъуэхэм дигъэкIащ, езым топыр ярита иужь гъуэр 7-рэ и ныбжьэгъухэм къащтащ.

Бэджэнду Мырзэр тIэу Мэзкуу и «Спартак»-м къыIахауэ щытащ, ещанэм, мэзкудэсхэм я деж клубым къыщищэхури, зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ. АрщхьэкIэ, Мырзэм и Iуэхухэр «Химки»-м щыдэкIакъым. Абы и щхьэусыгъуэу щытар а лъэхъэнэм командэм и тренер нэхъыщхьэ Гогниев Спартакрэ абырэ я зэхуакум къыдэхъуа зэгурымыIуэныгъэхэрт. Абы иужькIэ, Резуан нэгъуэщI командэ къилъыхъуэн хуей хъуащ, и щхьэр зэрыщIригъэхьам къыхэкIыу. Уеблэмэ, езым зэрыжиIэжамкIэ, футболым къыхэкIыжын гупсысэхэр иIэт. Зэман дэкIри, ар «Нефтчи» клубым къыщыхутащ.

А Iуэхухэр къызэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетауэ щытащ, ауэ, дауэ хъуми, абы иужькIэ осетин щIалэр и къулыкъум трагъэкIащ, езы «Химки»-ми Урысей Федерацэм и премьер-лигэм зыщимыIэжьэжу, япэ лигэм еIэпхъухын хуей хъуащ.

Мис иджы, илъэс дэкIа нэужь, Мэзкуу областым и клубым япэ лигэм япэ увыпIэр къыщихьри, УФ-м и РПЛ-м къигъэзэжащ. Абы зыщигъэбыдэн щхьэкIэ, топджэгу Iэзэхэр къилъыхъуэн щIидзащи, ди щIалэр и деж аргуэрыжьу ирагъэблэгъэж. Дауи, Мырзэм и зэфIэкIымрэ и джэгукIэр зыхуэдэмрэ абыхэм ямыщIэу щыткъым.

МыдэкIэ, иужьрей илъэсым Резуан здэщыIа Баку и «Нефтчи»-м хэту 25-рэ топджэгу губгъуэм къихьащ, зы топ дигъэкIащ. Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэу Санкт-Петербург къалэм и «Зенит»-м дэджэгуу Резуан абы яхудигъэкIа топитIыр футболеплъхэм фIыуэ ящIэжын хуейщ.

Ауэ, ди щIалэм и зэфIэкI псор нэсу а клубым къыщигъэлъэгъуэфакъым. Абыи щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIащ. Япэрауэ, езым зэрыжиIэжамкIэ, япэ махуэм къыщыщIэдзауэ клубым и гъусэу 2023 - 2024 гъэ джэгугъуэщIэм зыхуигъэхьэзыракъым. ИтIанэ, клубым ар езыгъэблэгъа тренер Муту Адриан и унагъуэ IуэхукIэ командэр къигъэнэн хуей хъури, абы и пIэкIэ къэкIуар Резуан къыкIэлъыплъыщакъым, иужькIэ, фэбжь игъуэтри - джэгуакъым. АдэкIэ и контрактым и пIалъэр и кIэм нэсри, щхьэхуит къэхъуащ.

Мырзэ Резуан и ныбжьыр илъэс 30 хъууэ аращ, Transfermarkt интернет-порталым зэритхымкIэ, еврэ мин 400 ар и уасэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Гъэщ1эгъуэнщ

Натхъуэдж - Абазэхэ гъуэгухэр

Анапэ быдапIэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм нэсыху дэнэкIи ущрихьэлIэрт выгухэмрэ шыгухэмрэ щызекIуэ гъуэгу куэдыкIейм. Ахэр яухуэрт цIыхухэр зэкIэлъагъэкIуэн, щIыналъэхэм сату зэдащIын папщIэ.

АДЫГЭЩIЫМ тIасхъэщIэхыу ита, артиллерием и генерал Новицкий Георгий 1830 гъэм дунейм къытригъэхьауэ щыта и тхыгъэхэм ящыщ зым дыкъыщоджэ: «...Анапэ къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейм нэсыху адыгэ щIыналъэ псоми выгукIэ ущызекIуэ хъунущ. Езы къэбэрдейхэри Анапэ къыщыкIуэ куэдрэ къохъу, тыркухэм сату дащIын щхьэкIэ».

Выгухэм, шыгухэм папщIэ яукъуэдия гъуэгухэр, егугъуу икIи зы мардэм тету зэраухуамкIэ, шу-лъэс лъагъуэхэм къащхьэщыкIырт. Гъуэгухэр зэпэщыс къуажэхэм щыпсэухэм зэдащIырт, гухэр иризэблэкIыфын хуэдэу.

Тхыдэдж, лъахэхутэ Дьячков-Тарасов Александр и тхыгъэхэм ящыщ зым къыщыхигъэщащ «абазэхэхэм выгу гъуэгухэр шытх тхыцIэхэм ирагъэкIуэн яфIэфIу» зэрыщытар. А псалъэхэм я телъхьэу къоув а зэманым Екатеринодар (Краснодар) дэту щыта цIыхухъу гимназием 1897 гъэм къыщыщIэдзауэ егъэджакIуэу щылэжьа Борчевский Семён: «ХъупIэжьий (ХьэфIыцIей, Геленджик) пэмыжыжьэу «Папай» цIэр зезыхьэ Iуащхьэм (метр 819-рэ и лъагагъщ) дыщыхуэкIуэм, сэ слъэгъуащ шэрджэс гъуэгужьым къыхэнэжахэр. ... Ахэр иризэхэзекIуэгъуафIэу щытауэ пхужыIэнутэкъым, лъагащэу зэраIэтам къыхэкIыу. Къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы гъуэгум хуэдэхэр шэрджэс щIыналъэхэм я бгылъэ щIыпIэ псоми зэрыщыIар».

Бгы щыгухэм гъуэгухэр ирагъэкIуэныр, шэч хэмылъу, щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIауэ щытащ. Япэрауэ: а зэманым абазэхэхэм я нэхъыбапIэр Лабэ, Щхьэгуащэ, Пщыхьэ, Пшыш, Псэкъупс и псыхъуащхьэхэм дэсащ. Ахэр иризэкIэлъыкIуэну къурш щхьэдэхыпIэхэр куэдкIэ нэхъ тыншт. ЕтIуанэрауэ, мыбдежым щIыр щынэхъ быдэщ, щыуэтIпсытIхэми къэмытIатIэу. Ещанэрауэ, зекIуапIэхэр шытх щыгухэм зэрытращIыхьым зауэ зэманым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт: зи щхьэхуитыныгъэр зыхъумэ шэрджэс щIыналъэм щыпсэухэр абыхэмкIэ шынагъуэншэу иризэкIэлъыкIуэрт. Псыжь адрыщIкIэ щыIэ тафэ щIыпIэхэм щыпхаша гъуэгухэр адыгэщIым къафIихьэ урысыдзэхэм, топхэр зыщIыгъухэм, зэхафыщIэрт, бжьыхьэ уэлбанэрилэм деж къахэнэж щIагъуи щымыIэу.

Урысей къэралыгъуэжьым и гъунапкъэхэр Кавказым гъунэгъу къыщыхуэмыхъум, адыгэхэмрэ Кърым хъаныгъуэмрэ сату IуэхукIэ быдэу зэпыщIат. Абы къыхэкIыу, а зэманми гулъытэшхуэ хуащIырт гъуэгухэм я фIагъым.

Зылъэгъуахэм зэраIуэтэжымкIэ, КIахэм щыщу Натхъуэдж (иджырей Анапэрэ Геленджикрэ нэхъ пэгъунэгъуу щытар) щIыналъэрат гъуэгу нэхъыфIхэр здэщыIэр. «Ахэр ямыIэу Шэрджэсыр псэуфынутэкъым, мамыр зэманми зауэ лъэхъэнэми», - дыкъыщоджэ ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа тхыгъэхэм ящыщ зым.

Мыбдеж къыщыгъэлъэгъуапхъэщ адыгэхэм мы IэнатIэм Iэзагъэшхуэ халъхьэу зэрыщытари. Лэжьыгъэхэм щынэхъыщхьэр гъуэгухэр захуэ щIынрати, абы папщIэ пхъэм къыхэщIыкIа банэлъэхъур къагъэсэбэпырт. Ар адэкIэ-мыдэкIэ кърапъэфэкIыурэ, щIыр зэфэзэщ ящIырт. Гъуэгухэр щыпхашкIэ, мэз кусэ цIыкIуу зэхэкIэжа щIыпIэхэрат къыхахыр. Жыгышхуэхэр выхэмкIэ къыхатхъырти, щIыр яубэжырт.

Псом япэу зэгупсысыр выгу, шыгухэр зэблэкIыфу зэрыщытынрат. Абы къыхэкIыу гъуэгухэр яукъуэдийрт, псэлъафэм къызэрыхэщыжщи, «зы къуэрагъ хуэдиз и бгъуагъыу» - нэгъуэщIу жытIэмэ, «IэплIакIуэм» метри 3,5-рэ къызэщIрагъэубыдэу.

Яухуэ гъуэгум и кIыхьагъыр къыхахырт зы махуэ-махуитIым зэфIагъэкIыфын хуэдэу. Ягу ирихьа щIы Iыхьэр пхъэIэщэкIэ явэрт. Къыбгъурыт мэз кусэ цIыкIухэм еIусэртэкъым, абыхэм я лъабжьэхэм щIы щхьэфэхэр зэрызэтраIыгъэм къыхэкIыу. Выгу зекIуапIэхэр быдэ ящIын папщIэ, пэмыжыжьэу къыщIах ятIагъуэр абыхэм тракIутэрт, псы зэрызыщIимышэм къыхэкIыу.

ЛЪАГЪУЭРЫКIУЭ Шухъыжьэ.

ЗэфIэкI къегъэлъагъуэ

Къурмэн Хьэжымурат дыщэ медаль иIэу къиухащ Налшык дэт курыт еджапIэ №18-р. Махуэ къэс щIэ гуэрхэр къищIэну, зэпеуэхэм хэтыну, щIэныгъэм и зэфIэкI щеплъыжыну фIэфIщ.

МОСКВА авиацэмкIэ и институтым иригъэкIуэкIа «Траектория взлёта» дунейпсо техникэ олимпиадэм щIалэр щытекIуащ. НыбжьыщIэхэм я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ Вернадский Владимир и цIэр зезыхьэ я урысейпсо зэпеуэм ехъулIэныгъэ иIэу щигъэлъэгъуащ и лэжьыгъэ купщIафIэр – «Аэродинамика» проектыр.

Мы щIалэр икIи спортсменщ, куэдрэ текIуэныгъэхэр къыщехь спорт зэхьэзэхуэхэм. КиокусиинкаймкIэ спортым и мастерым и кандидатщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ мызэ-мытIэу чемпион щыхъуащ. НыбжьыщIэхэр щIызэпеуа «Ахмат» кубокри къихьэхуауэ щытащ.

Хьэжымурат физикэмкIэ зыуэ щыт къэрал экзаменым балли 100 къыщихьащ. Ар иригъэджащ Гъэщокъуэ Галинэ.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Къаншыуейм и топджэгухэр

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Афганистаным щыхэкIуэда Джатэжьей Алик и фэеплъу футбол цIыкIумкIэ зэхьэзэхуэ. Хэгъэрейхэм я гъусэу абы щыджэгуащ Курп Ищхъэрэ, Курп Ипщэ, Тамбовскэ, Плановскэ къуажэхэм, Тэрч къалэм я командэхэр.

ХЭТАХЭМИ еплъахэми я дежкIэ гъэщIэгъуэну икIи гукъинэжу екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм къарикIуэу финалым икIащ Курп Ищхъэрэмрэ (Къаншыуей) Плановскэмрэ я топджэгу гупхэр икIи мыбдежым япэ увыпIэр щаубыдащ къаншыуейдэсхэм. Ещанэ увыпIэм щхьэкIэ зэпеуащ Тэрч къалэм и командэмрэ хэгъэрейхэмрэ. Инарыкъуейр мыбдежым щынэхъ лъэщащ.

Зэхьэзэхуэм и топджэгу нэхъыфIхэри абы щагъэбелджылащ икIи зэпеуэм и гъуащхьэтет нэхъыфIу къалъытащ Плановскэм щыщ Болэ Аскэр. Гъуащхьауэ нэхъыфIыр КIэмпIарэ Рустамщ – Курп Ищхъэрэ, топджэгу нэхъыфIыр Фомах Омарщ – Плановскэ.

КъБР-м ФутболымкIэ и федерацэм къыбгъэдэкIыу зэхьэзэхуэм къыщыхэжанык Iахэм топхэр, фэеплъ саугъэтхэр иратащ. Абы нэмыщI, Инарыкъуей къуажэ администрацэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ ахъшэкIэ нэхъыфIхэр ягъэпэжащ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Тхыдэ напэкIуэцIхэр

● ТхылъыщIэхэр

2016 гъэ лъандэрэ «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытохьэ «Заметки» проектым хыхьэ тхылъхэр. Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ илъэс зэхуэмыдэхэм газетхэмрэ сборникхэмрэ къытехуахэращ абыхэм лъабжьэ яхуэхъур. Иджы зэуэ тхылъищ къыдэкIащ - XI, XII, XIII къыдэкIыгъуэхэр. Ахэр зэхэзыгъэувар Мамхэгъ Астемырщ.







КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ – Аланием къыщыдэкI газетхэм, тхакIуэ зыбжанэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыт «Кавказалогия» тхылъым Астемыр и тхыгъэу 2013-2021 гъэхэм ихуахэращ тхылъхэм щызэхуэхьэсар. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы итщ Урыс-Кавказ зауэм, хэхэс гъащIэм, адыгэ лъэпкъым и лIакъуэхэм, абыхэм я зэфIэкIым, осетинхэмрэ адыгэхэмрэ я зэныбжьэгъугъэм и щапхъэхэр, нэгъуэщI куэди.

Тхылъхэр бжыгъэ мащIэ фIэкIа хъуркъым икIи ящэнукъым. Абыхэм ярытхэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм къыщагъуэтынущ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ республикэ библиотекэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КъБР-м и ЩIэныгъэ къэхутакIуэ институтым, Архив IуэхущIапIэм я библиотекэхэм, Хьэтуей курыт еджапIэмрэ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ хэт библиотекэхэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ (*унафэщI-редактор*), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (*унафэщI-редактор*), Къаншокъуэ Эллэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.546
Заказыр №1321
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*,.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.